



## Konfimasyon Dat Referans

**Non-Konfimasyon Pwovizwa pou U.S Department of Homeland Security  
(Departman Sekirite Nasyonal Ameriken) (DHS TNC)**

### Nimewo Verifikasyon Ka E-Verify la

#### Non Anplwaye-a:

Patwon-ou refere ka E-Verify ou aprè ou deside konteste (pran aksyon pou rezoud) yon Non-Konfimasyon Pwovizwa DHS (DHS TNC). Dokiman sa konfime ke ka'w la te refere nan DHS.

#### Kisa ou ta dwe fè

Rele DHS **nan 8 jou travay pou Gouvènman Federal la**, jiska (JJ/MM/AAAA), pou kòmanse rezoud DHS TNC-a. Si ou pa resevwa Avi Pou Aksyon Siplemantè nan men patwon'w, kontakte patwon'w kounye-a pou'w kapab jwenn avi sa.

Avi Pou Aksyon Siplemantè DHS TNC-a gen ladan'l enfòmasyon ki an rapo ak ka E-Verify ou-a ak ki dokiman ou bezwen pou'w kontakte DHS. Ou sipoze genyen Avi Pou Aksyon Siplemantè DHS TNC-a lè w'ap kontakte DHS.

Si ou pa reponn **nan 8 jou travay pou Gouvènman Federal la**, jiska (JJ/MM/AAAA), y'ap voye yon Dènye Avi Non-Konfimasyon epi patwon'w ap mete fen a travay-ou. Patwon'w yo dwe dako pou kite'w konteste yon DHS TNC epi pa gen dwa pran move aksyon kont ou akoz DHS TNC-a tandiske w'ap konteste DHS TNC-a epi ka E-Verify ou-a annatant.

#### Pou Plis Enfòmasyon

Si ou gen kesyon pou konnen kisa ou ta dwe fè, kontakte E-Verify nan 888-897-7781 (TTY: 877-875 - 6028) oswa pa imel [E-Verify@dhs.gov](mailto:E-Verify@dhs.gov). Si ou bezwen pou ede'w nan yon lang ki pa Angle, ou kapab mande on reprezentan kliyan E-Verify pou yon entèprèt. Pou plis enfòmasyon sou E-Verify, ki gen ladan'l pratik prive nou an ak règleman pwogram yo, vizite E-Verify sou sit entènèt [www.dhs.gov/E-Verify](http://www.dhs.gov/E-Verify).